


# KOMINYON

 . . . nan gòj mwen apre plizyè, kenz sèvis nan Arizona. Nou te pase yon moman ekstraòdinè. Seyè Jezi a te jis beni nou depase, an abondans. Yo te eseye travay jis yon tijan dapre estrateji Seyè a, m kwè sa a, sa ta dwe fason kòrèk la pou di l, ale anndan an pou byen chofo plas la, dabò. M te ale plizyè jou davans, m te gen dis ou douz sèvis nan tout gwo legliz prensipal yo toupatou nan Phoenix, Sunnyslope ak Tempe epi Mesa epi tout anba la, epi sa te on jan byen chofo l toupatou epi apres pou te kondui l nèt pandan senk sware konvansyon an. E se te pi gwo konvansyon nou te genyen an Amerik di Nò. Se te yon gwo zafè. Pi gwo dejene, epi—epitou bankè sware sa a—a.

<sup>2</sup> M jis pa ka di konbyen moun ki te resevwa Sentespri a. Sa te—sa te fòmèdab konbyen moun ki te resevwa Sentespri a, e konbyen ki te geri epi—epi ki te sove, sa—sa te jis yon mèvèy. Kifè nou gen rekonesans anvè Bondye pandan nou wè tan an ap avanse. Anpil grantòm te vini. Youn nan . . .

<sup>3</sup> Sa pral fè Frè Neville di byen anpil. M te wè yon minis Presbiteryen, ki soti nan pi gran Kolèj Presbiteryen nan . . . nan nasyon sa, ki t ap danse an Espri. O la la, se te vrèman kichòy, li te resevwa Sentespri a. Epi apres li te di m, te di: “M gen youn nan bann ou yo.” Te di: “Li pa t trè bon.” Li te di: “Li te yon ti jan ap sote, men,” te di, “M te mennen dirèk nan kolèj mwen an e m te jwe l.” E li di . . . Antanke gran sikològ la, li te kenbe yo tout trankil. “Ebyen, yo te gen okazyon tande L yon fwa, kanmenm,” li te di. Epi li te ajoute ke li te gen . . .

<sup>4</sup> E li di ke l te kòmanse danse an Espri nan legliz li, apre l te fin resevwa Sentespri a, epi yo te mande l: “Reveran, kilè w pral aprann yon nouvo dans?”

<sup>5</sup> Li te reponn: “Lè asanble m lan va aprann sa.” M te panse sa te trè bèl, ou konnen, yerachi Presbiteryen, wi, ki te deklare: “Lè asanble m nan va aprann sa.” Kifè sa se yon bon bagay. Jis tankou yon ti bebe, ki jis tou nouvo e poutan li te . . . Ebyen, ou konn kisa l ta dwe ye, pou l vin pwofesè sikoloji nan pi gran Kolèj Presbyterian nan Boston, ebyen, se Ozetazini.

<sup>6</sup> M te wè youn nan chirijyen an chèf pou kè klinik Mayo yo ki t ap preche Levanjil la nan Lespri epi ki t pale an lang. O, la la! M te wè yon lòt espesyalis, ki te yon Advantis Setyèm jou, ki te sot . . . Li te yon—yon—yon espesyalis pou kè ak gòj tou, e limenm, ki yon granmoun, te resevwa batèm Sentespri a. Li te resevwa L. Yon jou swa m te poze men sou li nan lakou a, e l te resevwa Sentespri a. Kifè nou . . . jis tèlman gen anpil bagay ke Seyè nou an te fè ke nou rekonesan pou yo, e sitou pou ap wè yo nan moman sa.

7 Alò m te di yo: “Èske nou reyalize ki lè li ye lè vyèj k ap dòmi an kòmanse ap mande lwil?” Se te moman ke Lepou a te vini, epi moun yo, sa yo ki te pare yo te antre. O, m tèlman kontan konnen ke n ap viv la a nan dènye jou sa yo. Ou wè? M kwè ke n ap viv nan youn nan tan ki pi fòmidad ke mond lan te janm konnen, jis a lavèy Vini Seyè a. Èske sa pa bèl bagay? Panse, ke a nenpòt kilè kounye a, tout Ekriti sou pwèn akonpli! E konsa n ap tann Li a nenpòt ki moman. E nou ta dwe viv avèk jan de atant sa yo, ke, a tou moman sa ka rive. Priye anpil, prepare nou!

8 Nan kèk entèvyou jodi a, mwen, m te rankontre yon misyonè ki soti Fòmòz, yon fanm vanyan, swasantrèzan, e li t ap pase pou anviwon karanssenkan. E li toujou yon—yon Madmwazèl, e lontan li dwe te yon bèl jèn fi. E manzè di ke l te grandi nan yon fwaye Kreyen kote “wi” te vle di wi, e “non” te vle di non. E li te grandi nan ansèyman estrik sa a. E li te di: “Frè Branham, apeprè vè laj, o,” li te di, “apeprè vè uitan, M te panse ke m te bay Seyè Jezi lavi m.” Li di: “Apeprè vè douzan, m te anbobinen pa yon sèten minis denominasyonèl, ke m dwe resevwa dezyèm benediksyon an,” epi li di, “e m te sedwi nèt nan sa.” Men li di: “Apeprè vè disetan, m te vrèman resevwa Sentespri a.” E li retounen la kounye a pou eseye ap reveye kèk nan legliz Batis andòmi sa yo. Manzè di si—si te gen yon bagay ke l te wè ki “mouri,” li se yon Batis limenm, li di, “se legliz Batis sa yo deyè la ki mouri.” Li te rele yo “mòg.”

9 M di: “Ebyen, m imajine lè w sou chann batay la . . .” M panse la manzè ap . . . Jis panse, mwen menm, ki gen senkanndezan, li te deyò antan ke misyonè anvan m te fèt. Epi m panse ke m te vin twò granmoun pou ale nan chan an. E m te panse: “O, padonnen m, Seyè.”

10 Epi limenm, anfòm, osi klè e vivan ke l kapab. Epi la ap rakonte m eksperyans li fè sou wout la, epi jan Levanjil la te nesèsè nan Fòmòz ak—ak Lachin, ak Japon, e latriye. Alò yo te fè l kite chan an, ap di: “Ou pa ka al nan chan yo apre w fin pase swasandizan, ou konnen.” Kifè yo te voye l tounen. Men manzè pa t ap rete trankil, l a pral nan tout konvansyon Batis sa yo. Epi li di: “Billy Graham,” li di, “fason l t ap pote mesaj Batis la, te fè legliz Batis la pèdi kredibilite.” Li te di: “Li pa mennen yo ase lwen pou resevwa Sentespri a,” li te deklare. O, sè, oumenm rete avèk sa. Se byen. Li te di, Chinwa sa yo laba a, li di li pa t ap kite yo jis repati ap di: “Nou kwè Jezikri.” Li te di: “Se te byen,” men te di li te fè yo rete la jiskaske yon bagay te rive, epi apres a yo te vin de vrè Kreyen.

11 M te reponn: “Se konsa l ye, sè. Jis di yo, kite yo rete jiskaske yon bagay rive.”

12 E si apot yo te di, kounye a, apre nèt jou: “Nou kwè ke nou resevwa L, ou wè, annou jis aksepte L pa lafwa epi kontinye ak travay nou”? Ou wè, sa pa t ap janm mache. Yo te tann la jiskaske

yo te konnen ke yon bagay te rive. E se sa pwoblèm nou jodi a, nou pa rete ase lontan. Ebyen, se poutèt sa apretou nou ka jis viv nenpòt kijan, fè nenpòt bagay, sa pa deranje nou, poutèt nou pa rete la ase lontan. Jodi a nou anndan, demen nou deyò, epi fason *sa* apre fason *sila*. Si nou rete ase lontan jiskaske nou antre epi nou fèmen pòt la dèyè nou, lè sa a n ap rete la. Ou sele jouk jou redanmsyon w. M tèlman kontan pou sa.

<sup>13</sup> E nou te gen yon bon moman, jan m te di a, nan Phoenix epi nan tout vale a ak anpil Kretyen la, anpil ladan yo ap kenbe ak vi presye yo.

<sup>14</sup> M te monte sou South Mountain lan, madanm mwen dèyè a la, avè m. Yon jou lè, zanmi yo, frè m nan, Doc, t ap gade de tifi yo, e—e Frè ak Sè Wood te gade ti gason an, mwenmenm ak madanm mwen te gen yon dezyèm lin de myèl. E manzè te di: “Bill, ou konnen, sila a te plis yon lin de myèl ke premye a.” Li te di: “Premye fwa nou t al nan lin de myèl, sèl bagay m te fè se te chita nan yon kanpman pou ap tann ou antre sot lachas,” li te di.

<sup>15</sup> Mwen te itilize yon ti taktik, ou konnen. M te panse: “Ebyen, bon, m pa t gen anpil kòb.” M te ekonomize nan yon bwat poud elevasyon, ase pou al nan yon vwayaj lachas, e an menm tan m ta pral marye nan peryòd otòn sa. Kifè m te panse, “Jis melanje tout ansanm,” ou konnen. Epi—epi pandan m t ap fè yon vwayaj lachas, sa t ap lin de myèl la, ou konnen, kidonk nou te antann nou. Men fwa sa a nou te peye pou sa e nou te vrèman pwofite, epi, antouka, nou te gen yon bon moman.

<sup>16</sup> Anpil ladan yo te soti nan tabènak la isit la. Mwen kwè Frè Sothmann, ak fanmi li dèyè la, ak Frè Tom Simpson e yo tout, ak Frè Maguire, e nou tout te gen de bon moman nan Seyè a.

<sup>17</sup> E konsa nou t al sou South Mountain lan, ki jis kote sid Phoenix, e nou te monte al lwen presyon sa. Ah! Yon presyon vil modèn! Se pa etonan lè moun yo te kòmanse ap multipliyè sou tè a, peche, ak vyolans te glise antre. E m te gade anwo la, pandan m te chita anwo nèt pou nou te ka wè vale Phoenix lan, m te di madanm mwen, “M ap mande m konbyen fwa, depi nou te chita la pandan ken zinit sa yo, ke yo pa t pran Non Seyè a pou anyen nan vil sa?” Hmm?

<sup>18</sup> Apeprè, ebyen, nan zòn metwopolitèn lan, pran Tempe ak—ak Sunnyslope, e toupato la, M sipoze gen apeprè yon milyon moun nan vale sa. M di: “Twasanzan pase pa t gen anyen lòt ke kaktis ak kòyòt anndan la. E se posib, nan jye Seyè a, sa t ap mye si sa ta retounen konsa.” Se vre. Menmsi gwo—gwo vil sa ke yo te bati la, ak bèl kay e latriye, yo bèl. Men sa t ap byen, sa t ap mye si gason ak fanm t ap monte desann nan lari yo ak men yo leve anlè, ap glorifye Bondye pou di L mès. Men, olye de sa, se ap fè sèman, ap fè fèt, ap bwè. Jis kite sivilizasyon antre, e men mechanste la.

19 M te di: “Konbyen adiltè ki te komèt nwit pase a, yèswa nan vil sa a! Konbyen moun tafyatè! Konbyen fwaye. . . Konbyen—konbyen bagay an dezòd ki te fèt nan dènye è ki sot pase la, nan gwo vil sa a!”

20 E madanm mwen di m, li te di lè sa a yon bagay konsa, pandan m t ap panse, “Ki t ap itilite vin isit la alò? Poukisa ou te kite lakay ou pou soti vin isit la?”

21 Alò m te reponn: “Men sa sa ye. Apre tou sa, ki se sètènman majorite a, men gen yon ti minorite anba la. Konbyen priyè fidèl ki te monte nan dènye nwit lan anba la, jis pou vin nan sèvis la?”

22 E Li te sitèlman bon pou nou ke legliz yo ta dwe ranpli a krake lè solèy ap kouche, pou pa t ka antre nan espas toutotou plas la. Ak òganizasyon sa yo e latriye, epi Seyè a ki t ap devèsè Lespri L pou beni yo. Mwen pa t janm fè rezèv, m te jis kontinye ap frape ak Levanjil la. Pafwa, natirèlman, sa vrèman difisil, men se sèl fason m konnen. Sa difisil bò isit la. Kifè sa pral vin pi difisil lè Tribinal Jijman an kote n ap gen pou fè fas a sa. Kidonk, pou nou tout ansanm, se te yon bagay gloriye. E nou vle remèsye legliz isit la pou priyè li e poutèt li soutini nou, epi—epi poutèt li gade nou toupre lakwa.

23 Epi kounye a an retounan lakay la, isit la, mwen te vle desann maten an petèt pou priye pou kèk nan malad yo. Mwen te gen anpil nan entèvyou k ap tann yo, dè ka ke kèk ladan yo mwen te wè nan dènye jòu pase yo depi m te isit la, e ki t ap tann depi yon mwa poutèt m te pati. Kifè y ap eseye fè yo antre osi vit ke yo kapab, pran yo soti diferant plas depandan de kote yo sitiye.

24 Si Seyè a vle, nan apeprè de semèn de plis, m pral Tucson, se anba nan pati ki pi ba a. E se la òm dafè yo chwazi fwa sa, kifè nou ka priye pou sa a. . . M pa janm renmen fè anyen jiskaske dabò mwen kwè se volonte Seyè a. Kounye a, pwochen konvansyon an ap fèt anwo a nan Modesto e apres a pati de la se Washington, eta a, Washington, sk Zurich, answit se Palestine, e apres a Afrik di Sid. E tou sa ap fèt ant kounye a e Jen. Yo te envite m pou vin pale nan tout konvansyon sa yo. E sa ka ban m yon opòtinite pou m antre nan Afrik di Sid ankò. Apèl pa yo, chak mwa nou resevwa envitasyon. Men si youn. . .

25 Gen yon gwo divizyon nan legliz yo, legliz Pannkotis yo. E si w al sou yon bò, lòt la p ap vle fè anyen avèk sa. E yo p ap kolabore ansanm, kifè m jis rete an aryè pou kounye a depi apeprè senkan avèk yon apèl nan kè m pou ale. E kounye a, petèt si òm dafè yo ap fè m antre, jis ase pou m tabli, sa se pou toude kote yo, ou wè, konsa sa pèmèt yo tout vini ak fyète. Yo tout dwe vini pou kolabore nan sa poutèt bezwen finansye—bezwen finansye pou legliz yo ki la, kidonk yo oblije vini pou sove lafas, ou wè. Konsa petèt li se ka volonte Seyè a, sepandan, mwen pa konnen. Sa sonnen byen, men m pa konnen.

26 E apres a, ane sa a, Frè Borders ban m pakou a, oswa, envitasyon yo. E, onètman, se te yon liv de fwa pi epè ke sa ki te vini depi Nwèl pase a, envitasyon ki sot tout kote. Sa twòp pou panse imen t ap eseye rezoud, kidonk m pa t pran okenn ladan yo. Mwen jis pral fè yon reyinyon, epi rete tann pou wè ki kote Seyè a ap di m ale apati de la, lè sa a m va fè pwochen an an, apres a lòt pwochen an, ak nenpòt kote Li di m ale. Kifè, priye pou mwen.

27 M sonje lane pase, anba a avèk Frè . . . oswa Sè Cox anba la, lè Frè Arganbright te rele m pou m al nan vwayaj sa nan Anchorage anwo a. Sa k t ap rive si m te jis ale pretann ke se te kòrèk?

28 Bon, m t ap panse a, *pretann*, m te preche sou sijè sa. Mwen te di lè m te soti al la, m te di ti mesye pou anrejistreman yo, “Piga nou anrejistre anyen. Piga n al fè okenn anrejistreman, m pral preche sou menm sijè m te preche isit la.” Mwen kwè m te preche youn ke m te pote isit la, tout rès yo te nouvo. E Frè Maguire genyen yo, tout nèt.

29 *Pretann*. Kidonk si m te ale, ap *pretann* anwo a la, sa t ap diferan sèten de sa k te soti a, vizyon an pa t ap akonpli. Men vizyon an te akonpli, e nou tout okouran de sa, jan Seyè a te beni.

30 Bon, gen yon lòt bagay ki te sou kè m sa fè lontan. Legliz, priye pou sa. Noumenm tout moun yo konn sa depi m te yon ti gason mwen pa t janm satisfè nan rejyon peyi sa. Tout kè m te toujou gen dezi pou Lwès. Mwen sonje lè m t ap koupe gazon pou bèlmè m la nan ti plas la ki te . . . ki te fè pati legliz la la, plas sa a. M te chita sou eskalye yo, e Sentespri a te pale avè m, Li te di: “M pa ka beni w pi plis jiskaske w obeyei M konplètman, tankou Abraham.” Ou wè? Epi, Abraham, Bondye te di l pou l separe tèt li epi al poukont li. E, lè l te fè sa, li te pran avè l papa l, neve l. E jiskaske Abraham te obeyei Bondye konplètman, alò te gen yon akonplisman total de sa Bondye te pwomèt li. E lyen, youn nan kòd prensipal ki te mare m isit la, se te manman m. Nou konn sa. Epi kounye a manman te pati al rankontre Seyè Jezi a. E mwen—mwen pa konn ki kote pou m fè, kisa pou m fè, kifè priye pou mwen.

31 Kounye a, Frè Neville, m ap soti sou estrad la, m t ap panse: “Ebyen, m pral fè wout mwen la.” Yon moun te rankontre m pou di: “O la la, gen tout on pwogram pou sèvis aswè a.” Li te di: “Y ap gen predikasyon, sèvis chan, priye, apres a pran ofrann, te di apres a yo gen youn—gen lavman pye, kominyon, avèk sèvis batèm.”

32 M te panse: “Podyab frè mwen! O la la! La la, tou sa, mwen konn kisa sa ye, petèt apre predikasyon difisil maten an.” Bon, m t ap panse: “M ap glise monte la, petèt l ap vle pou m bay kominyon an.”

<sup>33</sup> E li te di: “Èske w ta vle pale pou nou aswè a si w santi w kondui?” Konsa m konn kisa sa vle di. Kidonk apres a m te retounen e m te gen yon Ekriti la ak kèk nòt, petèt Seyè a ap ede m pote jis yon Mesaj tou kout de apeprè katrè, e apres a nou va gen lavman pye nou—nou, ak kominyon. E apres a, o, mwen, petèt m va fini anvan. Non, m te jis ap plezante avèk nou. Apeprè ven, trant minit, e apres a n ap gen batèm lan, lavman- . . . Kisa k vin apre sa a, kominyon? Kominyon swiv sa a, apres a se sèvis batèm lan.

<sup>34</sup> Bon, nou kontan ke ou pral batize. Kounye a, si Bondye vle e ke sa fè L plezi, epi si se annòd avèk pastè a ak moun yo, Dimanch maten pwochen m ap desann pou priye pou malad, e pou m pale, si Seyè a vle, dimanch k ap vini an, paske petèt m ka pati ankò dimanch ki swiv lan. Kounye a lè m la, m renmen vini pou—pou pale isit la, paske nou on jan asosye ansanm antan ke frè, ak Frè Neville avè m la, e nou—nou renmen youn lòt, e nou—nou—nou vle rete pwòch pou ede youn lòt pandan . . .

<sup>35</sup> Sa sonnen tankou yon sakrilèj, men m espere li pa sonnen konsa pou nou, Mr. Cory te di yon fwa, li . . . M te nan yon kanpay ak lanp, pou ap vann anpoul limyè pou konpayi sa. E li te achte yon kantite epòtan anpoul limyè ki ta ka dire kat a senkan, M te vire tounen pou achte yon machin Ford nan men l. Li te di: “Billy, mwen kwè nou jis ap grate do youn lòt.” Kidonk se sa, se byen, jis on jan ap ede nan tan bezwen. Kifè se—se kòrèk. Nou konn kijan pou n vin pote sekou youn pou lòt pou ede youn lòt.

<sup>36</sup> Bon, annou ale nan pati serye a kounye a, e si m pa twonpe m, mwen kwè ke m ap gade Frè Beeler deyè a la, youn lòt frè minis. E jodi a lè m t ap pase, Frè Junie Jackson te kanpe nan lakou deyò a ak Frè Creech. Èske yo konn patisipe nan sèvis isit la pafwa? Sèvis batèm, mwen wè. Dakò, nou ka founi dlo a si yo gen kandida a. Nou—nou gen dlo a, dakò.

<sup>37</sup> Kidonk kounye a, poutèt nou pral gen kominyon, M te panse sa t ap bon si m ta pale sou kominyon jis pou kèk minit.

<sup>38</sup> Bon, anvan nou abòde Pawòl la, annou mete de kote tout bagay kounye a, tout anfantiyaj ak fason timoun piti nou yo, epi—epi apwoche nan Prezans Bondye pa lapriye. Annou priye. Kounye a ak tèt nou bese, e mwen fè konfyans ak kè nou tou, si gen yon rekèt la ki ta . . . ke w ta renmen fè Bondye konnen, epi w ta renmen m sonje w devan Bondye, èske w vle jis fè konnen sa ak men w leve bay Bondye. Ke Bondye akòde rekèt chak moun.

<sup>39</sup> Bondye Toupwisan, Papa Seyè Jezikri nou an, Ki te resisite soti nan lanmò pou mete L adwat Majeste a, ap viv a jamè pou fè entèsyon pou bagay ke nou kwè Li te fè pou nou yo, ap konfese ke se sa. Nou priye, Bondye Seyè, ke aswè a, ke W ap padonnen peche nou yo. O, nou vle rete anba San an tout tan, paske nou jis pa konnen kisa ki ka rive. Tout bagay sou pwèn fini, nou santi l, Seyè, ke vini Seyè a trè pwòch. E nou sou pwèn fè youn vwayaj. E

pandan n ap panse a vwayaj, nou ka panse a malèt, ak—ak rad ak soulye anplis. Men ala sa diferan de vwayaj sa a! Se pa pou n ap ranmase; se pou n ap debarase, mete de kote. Tankou gran sèvitè W, Pòl, te di nan Liv Ebre a, chapit 12, “Nou mete de kote tout pwa lou ak enkredilite ki anvayi nou si fasilman, pou nou ka kouri ak pasyans nan kous la ki devan nou.”

<sup>40</sup> Kounye a nou pa ka pwofetize bon bon bagay pou mond modèn sa a. Sèl bagay nou ka pwofetize pa Sentespri a se dezaz, pwoblèm, tranbleman tè, gwo vag byen wo, chit solèy ak lalin lan, legliz nan aj Lawodise a, Kris deyò papòt la, ap frape pou antre. O Bondye! Jis tankou Miche nan ansyen tan, kijan l te ka fè beni Akab alòske pwofesi a te kont li? Alòske gran pwofèt pwisan sa, Eli, te mache sou li, e poutèt li te pran lavi nonm inosan sa, Nabòt, konsa li te di: “Chyen yo va niche san w.” Alò kijan Miche te ka fè pwofetize bon bagay?

<sup>41</sup> Kijan timoun yo jodi a ki ranpli ak Lespri ka fè pwofetize di byen pou yon pèp endiferan, ranpli ak peche ki te mete Seyè a deyò? O Bondye, nou sèlman wè amètlim jijman pi devan. Pou ap kriye a sa yo ki pa kòrèk: “Kouri al jwenn Seyè a, paske Li se Wòch nan moman touman! Li se Kachèt nan moman tanpèt. E Non Seyè a se yon Fòtrès Pwisan, e moun ki jis la kouri antre Ladann pou sekirite.” Ala nou ka panse a gwo vil konstwi sa yo, vil refij, kote moun y ap pouswiv la . . . apre nonm lan te fin antre nan fòtrès sa—sa, li te an sekirite, anyen pa t ka touche l. O Bondye, kite nou kouri epi depeche nou al jwenn Seyè a, paske Li se Refij nou ak Fòs nou, e yon èd reyèl nan tan difisil. Kidonk, poutèt n ap gade ak jye èg la, jan sa te ye a, pwoblèm ap anpile, nyaj yo ap dewoule, loray ak zèklè jijman ap desann sou tè a, nou konnen ke tanpèt la prèske rive.

<sup>42</sup> Aswè a, Seyè, nou priye pou sila yo la ki leve men yo. M pa konn kisa yo vle, Papa, Oumenm ou konnen. M priye ke W va reponn a tout bagay pou nanm presye pa yo, pou sans kisa sa vle di deyè men sa ki te leve a. Akòde l, Seyè. Geri malad yo. Konsòle sa ki fatige a. Bay lajwa a sa ki oprese a. Bay lapè a sa ki fatige a, manje a sa ki grangou, dlo a sa ki swaf, lajwa a sa ki tris, pwisans a legliz la. Seyè, mennen Jezi nan mitan nou aswè a, pandan nou sou pwen pran kominyon an ki reprezante ek brize Li a. Nou priye, Seyè, ke Li va vizite nou nan yon fason ekstraòdinè.

<sup>43</sup> Beni ti kongregasyon sa a, pastè byenneme li, Frè Neville nou an ak fanmi li, ak dyak, administratè yo, epi tout moun ki prezan. Beni lòt yo, Seyè, toupatou nan mond lan, k ap tann ak jwa vini Seyè a, lanp yo prepare, ak mèch yo byen netwaye, epi Limyè Levanjil la k ap klere nan kote sonb yo.

<sup>44</sup> Kounye a, ede m, Seyè, ak kèk Pawòl sa yo. Beni L pandan n ap li L, e bannou kontèks la, paske nou mande sa lan Non Jezi. Amèn.

<sup>45</sup> Bon nou ka ale nan Liv la, chapit 6 Sen Jan, e sa t ap bon si nou chak li tout chapit sa lè n al lakay nou. M ta renmen li, ap kòmanse ak vèsè 47 la, desann nan vèsè 59, enkli, jis yon fason pou konstwi yon tèks sou sijè: *Kominyon* an.

Se Jezi k ap pale la, nan fèt la. Se te yon gran moman, ke fèt sa yo te ye. Yo te bwè dlo ki te soti nan woche a, pou reprezante Woche ki te nan dezè a. E yo te manje, an souvni lamàn ki te tonbe plizyè santèn lane pase, pou ap selebre. Se te jis fèt pak, jan nou fè l aswè a.

*An verite, an verite, m di nou, Sila ki kwè nan mwen gen lavi etènèl.*

*Mwen se pen lavi sa.*

*Zansèt nou yo te manje laman nan dezè a, e yo mourì.*

*Sa se pen ki desann sot nan syèl la, pou yon nonm ka manje ladann, san l pa mourì.*

*Mwen se pen vivan an ki te desann sot nan syèl la: si yon moun manje nan pen sa a, li va viv pou tout tan: e pen ke m va bay la se kò m, ke m va bay pou lavi mond lan.*

*Pawòl sa yo fè Jwif yo tonbe diskite youn ak lòt, yo t ap di: Kijan nonm sa ka fè ban nou kò l pou nou manje?*

*Alò Jezi di yo: An verite, an verite, mwen di nou, si nou pa manje kò Fis de lòm lan, epi bwè san li, ou pa gen okenn lavi nan ou.*

*Nenpòt moun ki manje kò m, epi bwè san mwen, gen lavi etènèl; e mwen va resisite l nan dènye jou a.*

*Paske kò m se yon manje tout bon, e san m se yon bwason tout bon.*

*Sila ki manje kò m, e ki bwè san m, y ap fè yonn avè m, epi m ap fè yonn avè yo tou.*

*Papa ki voye m lan vivan, se li menm ki ban m lavi: konsa tou, moun ki manje m, m a ba yo lavi.*

*Sa se pen ki desann sot nan syèl la: se pa tankou zansèt nou yo te manje laman, epi yo te mourì: men sila ki manje . . . pen sa va viv pou tout tan.*

*Bagay sa yo Li te di nan sinagòg la, pandan L t ap anseye nan Kapènawòm.*

<sup>46</sup> Ke Seyè a beni Pawòl Li. Jis pou kèk minit, mwen vle pale sou: *Kominyon*. Kisa mo *kominyon* an vle di? *Kominye* vle di “pale.” Pou genyen, pou . . . *Kominyon* vle di vrèman “gen fratènite, pale youn ak lòt.” Si w ap pale nan telefòn ak yon moun, ou angaje yon konvèsasyon la, n ap kominyen youn ak lòt. E si nou ta dwe al sou kote pou kanpe dèyè bilding lan, nenpòt endividi a ak pastè a, oswa nenpòt de lòt moun, y ap kominyen youn ak lòt.



47 Kounye a, nou pa kominye pa radyo, paske ou pa ka reponn, oswa pa televizyon. Men lè. . . Ou kapab pa telefòn, paske n ap kominyen youn ak lòt, se pa jis yon sèl bò. Se. . . M pa ka kominike avèk ou kounye a, paske ou p ap reponn. Konsa, kidonk, se pa t ap vini pou tande yon minis k ap pote mesaj li a. Se pa t ap, vini ansanm, pou ap kominyen. Kominyon pa t ap ke. . . Si w vini jis pou kominyen ak minis lan, w ap rele l sou kote, oswa nenpòt endividi a, e w ap kominye avèk misye ou manzè.

48 Men pou sa nou vini, kominyon an, se pou nou chak antan ke endividi kominye ak Kris. Sa se kominyon. Alò, kominye se pa an jeneral *youn* k ap pale, noumenm k ap fè tout konvèzasyon an, men se ap tann pou wè sa L ap reponn nou.

49 Bon, men kote, anpil fwa, nou fè gwo erè nou yo, se, lè nou pran tout konvèzasyon an epi nou pa tann epi ba L yon chans pou reponn. Pafwa nou pati, ap di: “Seyè, m ta vle pou W ta fè *tèl-e-tèl* ak *tèl-e-tèl* bagay, amèn,” epi leve al fè wout nou. Kounye a, sa se pa vrèman kominyon. Sa se al mande yon favè. Men lè nou rete ase lontan jiskaske Li reponn, se lè sa w ap kominyen, ap kominyen avèk Seyè a. Bon, yon fason ekstraòdinè pou kominyen, se pou nou dakò, nou dwe dakò sou kèk bagay. Kounye a, se etranj ke pafwa lè nou gen bagay sa yo. . .

50 Manje asosye ak sa. Bon, pran òm dafè yo, lè yo vle fè yon tranzaksyon, y ap envite yon moun soti al dine. Epi apre yo chita manje, e apres a yo pale youn ak lòt. Yon bon vandè, dabitid li pa ka pale ak yon moun ki gen lestomak li vid. Se preferab pou tann jiskaske l santi l byen, epi se apre l fin pran dejene l. Piga rive la pou fè reveye l sot nan kabann epi ap di l konsènan yon bagay ou detèmine pou vann li, men tann jiskaske l pran dejene l epi—epi li vin anfòm an kondisyon.

51 Lòt jou, pandan m t ap preche sou fanm ki te lave pye Jezi a, anwo nan Canada m t ap pale de sa, pou ap di ke lè yon envite vin vizite yon lòt moun, moun sa a te gen sèten mannyè ke vizitè yo te dwe respekte anvan yo te vin vrèman kalifye pou vin vizite, oswa, kominye. Yon vizit se yon kominyon. Bon, yo ta ka vini pou. . . Envite, dabò yo dwe envite w. Apresa ou t ap prezante w nan pòt la e domestik la t ap lave pye w, pou rezon vwayaj, ou te gen movèz odè bèt—bèt yo e latriye sou tout wout la. Yo tout. . . moun yo te konn vwayaje sou menm wout lan avèk bèt, e—e lè sa te gen odè ak pousyè, e rad Palestinyen an te konn ranmase l epi melanje l ak swe pye yo, ak figi a kote ki pat kouvri an, ak—ak men yo. Epi—epi yo te konn ap tann yo nan papòt la, domestik la pou l ta ka, lave pye yo. E apres a yon lòt moun te kanpe la avèk yon sèvyèt e yon—yon pafen albat, pou ap flite pafen albat sa a sou men yo, e yo te konn fwote l *konsa*, epi—epi fwote l sou figi yo, apre sa pran yon sèvyèt pou siye yo. Sa te konn retire tout pousyè ak movèz odè. E sa gen yon bagay ladann ki rafrech, tankou mant, e sa te fè yo santi yo pi byen.

52 Apresa lè yo rantre, pa avèk vye soulye sal nan pye w, sou bèl granjan tapi sa yo, yo gen yon ti, tankou yon ti sandal kay, e ou te ka mache antre. Alò envite a—a te konn antre epi—epi lè sa mèt kay la te ka—te ka ba w akolad pou akeyi w. E, ou wè, ou pa t ap alèz mèt kay la akeyi w si w te santi movè. Ou pa t ap vle mache sou tapi yo pandan w tou sal. Apresa mèt kay la te ka ba w akolad pou akeyi w, e lè sa a ou te jis fè pati de kay la.

53 Bon, la, Bondye gen de tèl bagay. Anvan nou vrèman prè pou kominyon Bondye a, yo dwe dabò lave nou avèk dlo Pawòl la. Separasyon, dlo separasyon ki separe nou de peche nou yo. Kounye a, an premye, ou pa ka pale ak Bondye e ou pa ka kominye ak Bondye, epi gen . . . Dabò, ou dwe repanti pou sa w te fè, paske ou pa ka kwè kòrèkteman jiskaskè w repanti, “Seyè, padonnen enkredilite mwen.” Ou wè? “Padonnen enkredilite mwen.” Ou dwe repanti, an premye. Epi, lè w repanti, lè sa ou . . . peche tan pase w yo padonnen, alò ou vin yon kandida lè sa pou batèm lan. Bon, lè sa Li te pwomèt Sentespri a, apre batèm lan.

54 Kounye a, bagay la se, ke, nan kominyon sa a, nou jwenn te gen yon—yon lavman pye ak bagay ki asosye avèk sa, tou, pou lave pye nou, antan ke senbòl netwayaj Sentespri a.

55 Bon, lè sa, dwe gen yon santiman toude kote yo. Si w rive nan limit avèk—avèk envite w la, alò ou—ou pa ka kominye. Non, ou—ou pa ka fè l, paske ou an dezakò avè l. Men si nou dakò, alò ou ka kominye. Kifè sa se fason sa ye lè nou vin sou tab Seyè a, nou dwe an akò avèk Pawòl Li. Ou wè? Nou dwe ne de nouvo, Lespri Bondye lan nou ap di “amèn” a chak Pawòl ke L te ekri, lè sa nou ka kominye avè L.

56 Men sa nou resevwa de Bondye, si kè nou pa kondane nou, alò nou jwenn favè Bondye. Nou konnen ke n ap jwenn demann ak rekèt nou yo, poutèt kè nou pa kondane nou. Kounye a, si Bondye di nou ke nou dwe ne de nouvo, epi nou pa t resevwa nouvel nesans lan, alò n ap santi nou on ti jan dwòl pou n ale, ap mande L kwakseswa, ou wè, paske nou konnen nou pa t rankontre egzijans Li yo. Alò sèl bagay la se lapriyè yon pechè. Men nou pale avè L lè nou nan fratènite avè L, sa mennen kominyon.

57 Bon, se sa kominyon vle di, m ta renmen eksplike on ti jan plis. Kounye a, nou pran, sa nou rele *kominyon* an, ki se pen ak diven. Bon, sa te sitèlman mal reprezante jiskaskè sa pa menm bon pou ap pale de li. O, ala sa te mal reprezante atravè lè zane! Sa a se pa vrèman kominyon, sa se jis kenbe yon kòmandman. Ou wè? Bon, rezon ki fè nou rele l kominyon, se paske sa vin de asosyasyon Katolik te fè avèk “Sent Ekaristi, ki se kò Jezi a tout bon.” Men se pa kò Seyè Jezi a! Se sèlman an souvni de kò Li.

58 M pa fè ka de kantite prèt ou predikatè, oswa kikseswa ki beni sa, se toujou pen ak diven. Pa gen okenn prèt pandan ke nou . . . yo fè nou konnen, ke, “Bondye oblije tande prèt la lè l chanje kominyon an,” sa yo rele kominyon, “Ekaristi an, pou vin

kò Seyè Jezi a tout bon. Lè sa kwayan an pran sa, e se sa ki kominyon an.” Se fo!

<sup>59</sup> *Kominye* se “pale avèk, kominye avèk, yon bagay ke w ka pale avè l e ki ap reponn ou.” Sa se kominyon. Yon losti pa ka reponn. Kifè, vrèman, vrè kominyon an se Sentespri a k ap reponn. Lè w mande L, alò Li reponn, sa se kominyon kòrèk la. *Sa a* se yon souvni, pou pran. . . krisifiksyon Li ak rezirèksyon Li, pa yon kominyon. Nou rele l konsa, men se pa sa. Sa vin de legliz Katolik, pou ap pran losti sa jan nou te etidye l lòt jou a pou n t ap, pale de sa sou *Paganis Kont Krisyanis*.

<sup>60</sup> “Kouman ti losti won sa a se kò Kris la tout bon.” Bon, legliz Katolik kwè sa. Èske w te janm remake, lè w ap pase devan yon legliz, yo fè siy de lakwa, yo leve chapo yo, ak bagay konsa? Se pa pou legliz la, se losti sa anndan la, “kò sa ke prèt la te chanje de yon losti a kò Kris la tout bon,” kote rat ak sourit ka pote l ale. Enben, ou pa ka, pa ka panse antan de sitwayen epi panse ke yon moso pen t ap vin kò Seyè Jezi a! Sa pa ka fèt.

<sup>61</sup> *Kominyon* se “pale, ak reponn ou, on bagay w ap pale avè l.” Mo *kominye* an menm vle di “pale avèk,” oswa, “asosye avèk yon bagay k ap reponn ou.” E Bondye pale pou reponn ou, se kominyon. E se toujou pen ak diven, sa nou rele *kominyon* an.

<sup>62</sup> Bon, Jezi te di la, pandan m ap li: “Kò mwen se vyann ak brevaj, San Mwen, kò a ak San an se vyann ak brevaj.”

<sup>63</sup> Bon, nou renmen panse a Jezi pou asosye L, a sa L te ye. Kisa kò L ye? Kisa ki kò Kris la? Se tout ansanm kwayan yo ki asosye avè L nan Sentespri a. Pa yon idòl, pa yon moso pen, men yon Espri ki nan kè kwayan an, e yo asosye ansanm, sa se lòm ak Bondye ka pale youn ak lòt, pitit gason ak pitit fi Bondye. Lòm mòtèl, atravè San vèsè a te pote remisyon peche, e nonm ak fanm sa a, ti sa gason oswa tifi sa, ki gen fratènite avèk Kris, ap kominye avèk Li, se kò a.

<sup>64</sup> Tankou yon mari ak madanm ta ka chita ap pale, oswa yon ti gason ak mennaj li, Kris ak Legliz Li ap kominye ansanm. Se poutèt rezon sa nou ka tande sa k vin de Li, pou wè lavni anvan sa rive isit la, pou n ka pale de fiti a ki pafè, paske n ap kominye ak yon Bondye Ki kenbe Letènite nan men L. Ap kominye youn ak lòt, Kò Kris la, Kò mistik, espiritiyèl Kris la. Pa asosye ak okenn jan de idòl, oswa pen oswa—oswa diven, men nan yon—yon fòm espiritiyèl.

<sup>65</sup> Kounye a, Jezi te di menm bagay la. Pran Sen Jan, chapit 4, Li t ap pale ak fanm sa bò kot pwi a, manzè t ap pale sou yon bagay tankou: “Zansèt nou yo te bwè nan fontèn sa a, e yo te fouye pwi sa, Jakòb, pou—pou l te bay pitit li yo ak betay li nan yo dlo sa, epi Oumenm ou di: ‘Adore nan yon sètèn vil,’ epi lòt yo di: ‘Sou montay sa a.’”

<sup>66</sup> Jezi te jis—te jis di: “Tann yon minit! Nou se Jwif, e nou konprann kisa sa ye, sa adore vle di. Men koute sa, fanm. Lè a ap

rive, e se kounye a menm, ke vrè adoratè yo ap adore Bondye an Espri e an Verite. ‘Pawòl Ou se Verite.’ E Papa ap chache espès sa k ap adore L an Espri e nan Pawòl la, Verite a. ‘Pawòl Ou se Verite.’” Bon, Li te di fanm lan sa.

<sup>67</sup> Ou wè, Kris. . . Bondye se yon Espri. *Kris* vle di “sila ki wenn lan, yon nonm ki wenn ak Bondye,” sa ki rann Li Kris la. Kounye a, Kris te di: “Mwen se Nouriti ak Brevaj.” Pa yon losti, pa yon losti ke nou pran la. Sa se pa Kris. Diven nou bwè sou lotèl la, se pa Kris. Sa reprezante L, nan yon sans figure. Men Kris se Sentespri a, onksyon ki sou Legliz la, se sa ki Vyann ak Brevaj.

<sup>68</sup> Pi gwo kri ki genyen nan tout mond lan, m espere ke ankenn lan nou pa t janm tande l, men, si nou te janm tande l, pa gen okenn kri ki egal a kri grangou. Lè w ap gade yon manman ak bebe l, e li pa ka mache li tèlman fèb, e ti bebe a ap mouri, ak vant li anfle ak grangou, ap tande kri sa yo k ap vin de kè manman sa, pou ap gade bebe sa ak machwè l yo anfonse jiskaske se zo ak po, ak ti jansiv li klere, san l pa ka fè yon bwi, apèn, ti je l yo soti. Pa gen ankenn kri tankou grangou ak swaf.

<sup>69</sup> Deyò nan dezè yo, konbyen moun ki te pèdi vi yo poutèt swaf! Anpil istwa, ke m te ka kenbe w tout lannwit, ak vrè istwa nan dezè. Jan ke lè e gen. . . vin swaf, kijan dyab la ba w yon—yon miraj. Ou wè yo la, ou pa bezwen al nan Lwès pou wè yo. Desann nan lari a, e sa sanble tankou gen dlo nan lari a. Nou chak te deja wè sa, oumenm k ap kondui sou otowout la. Sa se yon fo miraj. Isit la sa fè kèk tan, apeprè twa oswa katran, m te li kote kèk kana, ki t ap vole atravè peyi a, te wè yon miraj e yo te echwe sou wout la, pansan ke yo te atenn dlo a. Yo te jis dezentegre, kan yo te frape wout di sa, pansan ke yo t ap ateri nan dlo, yon miraj.

<sup>70</sup> Konbyen de fwa dyab la pa t fè moun yo menm bagay sa, ap ba yo yon fo miraj, kote, pa gen anyen la, sinon jis yon swadizan kwayans. Sitèlman moun jodi a gen yon swadizan relijyon, ap eseye fabrike yon bagay oswa pretann ke gen yon bagay alòske se pa sa! Tankou ti dam misyonè a te di li te ret tann jiskaske li te pozitif. Li ta preferab ke nou fè sa. Ou pa ka retounen pou eseye l a anouvo. Ou gen yon sèl chans, e ou gen Plan an, kidonk li ta preferab pou nou vize dwat.

<sup>71</sup> Kri grangou, koute, se yon gwo kri paske se yon kri detrès. Moun lan ap mouri. E, o, si nou te ka rive kote sa, si nasyon sa te ka rive nan yon pwen kote li sitèlman grangou pou Bondye! L ap mouri grangou pi mal pase nasyon tankou Peyi End k ap mouri grangou fizikman, nasyon sa ap mouri grangou espiritèlman. Men apre w te grangou pandan si lontan, sa rive nan yon pwen kote ou pa konsyan ke ou grangou.

<sup>72</sup> Jis tankou w konjle nan glas. Apre w te rann ou sitèlman lwen, ap konjle, ou sitèlman frèt, ke apre yon tan ou vin cho. E lè sa rive, se mouri w ap mouri! E se sa pwoblèm lan aswè a. Legliz yo vin sitèlman frèt jiskaske yo konjle, e yo panse ke yo cho, ak

zafè manm, epi ap mouri espiryèlman. Ap mouri! Yo pa konn sa. Finalman, li lonje pou dòmi, e se fini. Li pap janm leve ankò, paske san li te konjle nan venn li yo.

<sup>73</sup> Kounye a, swaf. Jezi te di: “San M se vrèman yon brevaj.” Si w grangou pou Lavi, grangou pou Lavi, Jezi gen sèl dlo ki ka satisfè swaf sa. “Vin jwenn Mwen, tou sa yo ki chaje ak fado.” Nan Apokalips, sa di: “Ke sila ki swaf la vin nan fontèn dlo Lavi a pou bwè gratis.” Si w swaf pou Lavi!

<sup>74</sup> Nou wè ke astwonòm yo ap predi, kèkpa byen bonè nan premye pati mwa sa a, kòmansan le 2 ou le 5, oswa kèkpa nan mwa sa a, astwonòm Endou yo predi ke mond lan ap vole pyès pa pyès. E jounal Ameriken yo te moke yo de sa. Mwen pa kwè ke monn lan pral eklate pyè pa pyès, men m di ke se mal pou ap moke sa. Paske, gen yon bagay ki sou pwen rive youn nan jou sa yo, yon bagay ki sanble a sa, kan senk planèt sa yo, Mas, Jipitè ak Venis, e—e latriye, vin nan yo—yo . . . Yo pa t janm fè sa. O, yo pretann ke wi petèt demil senksanzan pase, men kimoun ki te laba pou konn sa?

<sup>75</sup> Mwen predi ke sa gen yon aplikasyon espiryèl. Mwen kwè ke se kòmansman ouvèti Bondye, ke gwo revelasyon Pawòl la pral louvri diran moman sa a. Sonje, yo pretann ke se te twa etwal ki te antre nan òbit yo lè Jezi te ne. E sa se senk, e senk se lagras, chif gras la. Twa se chif pèfeksyon an. Senk se chif lagras, J-e-s-u-s, g-r-a-c-e, l-a-f-w-a, elatriye. Chif lagras! Si jamè Bondye ap voye pwisans Li pou legliz la, se ap gras Li, se pap obeyisans moun yo. E Ezayi te di, nan chapit 40 la, kijan pou “pouse kri pou Jerizalèm, pou ke gè l la sispann,” poutan li te koupab ak idolatri, men se te gras Bondye ki te voye l. Si Bondye gen pou voye kwakseswa pou nou, se va gras Li e non pa merit nou. Kifè, sa ka vle di yon bagay. Mwen predi ke se va yon chanjman. Mwen pa konn kisa sa va ye, men m kwè li sou pwen rive. Nou nan . . . drèt nan limit la la a.

<sup>76</sup> E si yon nonm grangou, ke l vin a Kris. Si yon nonm swaf, ke l vin a Kris. L ap satisfè swaf la. Li se Sila ki Satisfè tout swaf ak grangou nou.

<sup>77</sup> Mwen gen yon istwa ke yo te rakonte m sa fè kèk tan. Petèt m te rakonte l nan legliz sa. Si se sa, padonnen m padonnen m poutèt m ap repete l se jis pou mete aksan. Te gen yon gid Endyen, oswa, on jan de siveyan Endyen yo. Li t ap vwayaje nan peyi Navajo yo, e li te, pèdi. Non li se te Coy. Li t ap desann nan yon ti santye, yon ti santye pou jibye, e li te panse: “Bon, si m swiv santye sa, se sèten m ap jwenn dlo.” E cheval li a te sitèlman swaf ke lang li t ap pandye soti, sèk, twou nen l yo te vin tou wouj ak kwout sab. Li te gade mouchwa l sou figi l lè gen tanpèt sab jiskaske sa te vin kole, li t ap peri, poutèt dlo. E li t ap gide cheval li lè li te tonbe sou santye sa. Epi li di, kan l te monte sou cheval la li te wè santye jibye sa a, li te di: “Sèten sa ap mennen

m nan dlo.” Kifè li te sote ap galope sou cheval li pou ap desann sou santye a.

<sup>78</sup> E cheval la tou te konnen l te sou santye k ap mennen nan dlo a. Ala bay Bondye te bay bèt estupid ensten! E men li ki t ap desann sou santye a. Finalman, kèk devire sou yon kote, jis on ti andeyò santye apla a. Cheval la te vle tounen nan chemen sa a, men Coy te panse diferan. Li te eseye gade l nan santye prensipal ki limite a, e li te kòmanse ap desann men cheval la pa t vle ale. Li te ba l zepon, men li te chankre pou kòmanse lòt kote a. E l te kòmanse ap remonte fè bak. Li te twò fèb pou ranvèse misye atè.

<sup>79</sup> Kifè li te rekòmanse ap ba l zepon, jiskaske l te blese cheval la, sitèlman eksite pou jwenn dlo, vi li ta ka sove, jiskaske cheval la te ret kanpe, ap tranble, ap senyen. E li te gade anba a, te gade anba la, e li t ap tranble *konsa* e li te prèske sikonbe anba misye. Li te gade l, e li te wè san an bò kòt li. Li te yon Kreyen. E li te di cheval li a, li te di: “Mwen te souvan tande pale de ensten sovaj sa . . . oswa, bèt ki te gen yon ensten. Sa pa sanble ke bann ti bèt piti sa yo te vire tounen nan chemen sa pou yo t al nan dlo a. Sanble ke se gran santye sa isit la k ap mennen kote yo toujou ale pou jwenn dlo, men,” li te di, “si w te pote m ak fidelite jiska prezan, m ap swiv ensten ou.”

<sup>80</sup> O, ala mwen panse sa apwopo de Kris! Chemen destriksyon an endike epi alèz nèt ale, men gen yon wout etwat k ap kondui nan Lavi. Yon ti ponyen se sa ki va jwenn Li. Sèlman, se pa ensten, men se Sentespri a ki va fè w al sou kote pou jwenn dlo dlo Lavi sa. M panse, Li te mennen m an sekirite jiska prezan, m ap pran L pou rès chemen an.

<sup>81</sup> Pou fini istwa a, li—li pa t menm fè yon kilomèt edmi, ke, bripsoukou, cheval fidèl sa te plonje drèt nan yon gwo twou dlo. Cheval la te konn de kisa l t ap pale, kisa sa te vle di nan fason pa l pou eksprime l bay—bay kavalye a. Li te rive la. Li di ke l te voye dlo nan twou nen cheval la. Li te rafrechi pwòp tèt li, li t ap rele e li t ap fè bri, e li t ap pouse kri ak tout vwa l, pou ap vide dlo nan gòj li, ap rele fò, “Nou sove! Nou sove! Nou sove!” E cheval la, t ap bwè, epi ap tranble. E li te gade bò kòt aj san li a, alò tout bagay t ap ede pou sikatrive mak zepon yo.

<sup>82</sup> E li te di jis lè sa, li di . . . te tande yon moun ki di: “Sot nan dlo a.” Li te gade, e men yon ti kòbòy defigire ki te kanpe la. Li te soti nan dlo a. Li di ke l te pran sant dife, e li te gade pi lwen, e men yon bann mesye ki t ap fè kanping la a. Yo te la pou ap fouye chache lò. Yo te dekouvri lò, e sou wout yo ap retounen yo te gen cheval yo ak lòt cheval byen chaje, e yo vin nan twou dlo sa a epi t ap pran repo, e yo tout te sou.

<sup>83</sup> Li te di ke yo t ap kwit jibye lachas, e li te manje avèk yo. E li di, youn ladan yo te di: “Pran yon gòje.” Li te di yo kimoun li ye, se te Jack Coy, Endyen gid la—la. Kifè misye te redi: “Ebyen, kounye a, pran yon gòje.”

Li te reponn: “Non,” li te di, “Mwen pa bwè.”

84 E sa se on jan de manke dega pou moun sa yo. Kifè li te di l: “W ap pran yon gòje pou nou!”

Li te di: “Non, mwen pa bwè.”

85 Kidonk li te voye bidon an anlè, epi li te ensiste: “Pran yon gòje!” Yo tout nèt, yo te sou, ou konnen, yo te apeprè watye yon douzèn.

Epi konsa li te reponn: “Mèsi, mesye yo.”

86 Li te di: “Si jibye nou an te ase bon pou manje, wiski nou an ase bon pou bwè.”

87 E nou konn kijan yo ye, moun ki sou. E li te reponn: “Non,” li te di.

88 Yo te te chaje fizi a, pou di: “Kounye a w ap bwè osinon!”

89 Li te reponn: “Non. Non, mwen pap bwè.” E misye te kòmanse ap pwente fizi a. Li te di: “Jis tann yon moman.” Li te di: “Mwen pa pè mouri.” Li te di: “Mwen—mwen pa pè mouri.” Li te di: “Men m—m vle rakonte nou istwa mwen anvan m, rezon ki fè m pa bwè.” Li te di: “Mwen se moun Kentucky.” Li te di: “E yon maten nan yon ti kay an bwa won, kote yon manman te lonje ap mouri, li te rele m bò kot kabann li, pou di: ‘Jack, papa w te mouri ak yon pakè jwèt kat nan men l, lòtbò tab la, tou sou.’ E l te di: ‘Piga w janm bwè, Jack, pe enpòt sa w ap fè.’” Epi li te di: “M te met men m sou fwon manman m. E m te pwomèt Bondye, antan ke yon ti gason dizan, ke m pa t ap janm pran premye gòje mwen.” Li di: “M pa t janm pran l.” E li te ajoute: “Kounye a si w vle tire, jis tire.”

90 E pandan tafyatè a te leve fizi l epi lanse bidon an anlè ankò, li di: “Pran l osinon m ap tire!” E jis lè sa yon kou te pati e bidon an te eklate.

91 Men yon vyep ti kòbòy, defigure, ki te kanpe a kote kanyonn lan, ak dlo ki t ap dessann kouri sou machwèl yo. Li te di: “Jack, mwenmenm tou mwen soti Kentucky. Yon jou mwen te fè yon pwomès a manman, men m te brize pwomès mwen.” Li di: “M t ap tann jiskaske mesye sa yo vin ase sou, e m ta pral touye tout gwoup la nèt, de tout fason, pou pran lò yo.” Li di: “Men m te vin sou e m te gen tò. Men,” li te di, “mwen sèten lè fizi m nan te fè eko sa monte atravè kanyonn Syèl la, manman te tandè yon siy angajman ke m p ap janm fè sa ankò.” Epi la, ak gras Bondye, li te kondui tout moun sa yo a Kris, tout sila yo laba a.

92 Ou wè, gen yon bagay konsènan dlo, gen yon bagay konsènan rafrechisman. Sa m te vle di a se te, al nan dlo a lè w swaf. Gen yon bagay li fè pou nou, se pou n ale nan dlo a lè nou swaf dlo.

93 Bon, Li te di: “M ap kite lapè M nan bannou. M ap bannou lapè pa M nan.” Pa jan mond lan ba w lapè a, men fason Limenm ba w lapè a. Lapè Li satisfè swaf nou. Si nou swaf anpil pou

lapè, alò annou rafrechi nan lapè Li, pou konnen ke nou an pè ak Bondye atravè Seyè nou Jezikri. Li se Sila ki bannou lapè ki satisfè swaf nou.

<sup>94</sup> Vèsè ki di Li se Vyann ak Brevaj tout bon. Mwen gen yon ti siy la, vèsè 57 la: “Vyann ak Brevaj tout bon.” koute sa L di la.

*E menm jan Papa ki voye m lan, Li vivan, Se li menm ki ban m lavi: Konsa tou, moun ki manje m, m a ba yo lavi.*

<sup>95</sup> Nan lòt mo, “Papa a te voye M, e m ap viv pa Limenm. E chak moun ki vin a Kris dwe viv pa Kris.” O, la la, men ou, sa se kominyon an. Sa a se vrè kominyon an ke w jwenn lè w ap viv pa Kris.

<sup>96</sup> Kounye a, kò nou bezwen manje ak brevaj chak jou, pou reziste, kò fizik nou. Si nou pa manje epi bwè chak jou, alò kò nou afebli. Gen yon bagay nan nou ki oblije nou manje. Manje yon jou pa sifi pou jou apre a. Ou dwe manje chak jou, pou fòtifye èt mòtèl ou. Ou ka kontinye ap viv ankò, men ou pi fèb. E dezyèm jou a, ou ankò pi fèb. E twazyèm jou a, ou vin vrèman fèb.

<sup>97</sup> Ebyen, se sa nou fè anpil fwa nan domèn espirityèl la. Ou wè, chak jou nou dwe kominye avèk Kris. Nou dwe pale avè L chak jou. Nou dwe regle sa avè L chak jou. Pòl di: “M mouri chak jou.” Ou wè? “Chak jou, m mouri; poutan m ap viv, pa mwenmenm men Kris k ap viv nan mwen.” Kidonk, si kò fizik ou bezwen manje ak brevaj chak jou, pou reziste, kò espirityèl ou bezwen Nourit ak kominyon espirityèl avèk Seyè a chak jou, pou l reziste. Wi. Jezi di: “Lòm pap viv ak pen sèlman, men ak chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Kifè, chak jou nou dwe etidye Bib la. Gen moun ki pa etidye L ditou. Genyen ki pran L chak de ou twa fwa pa ane. Men, yon vrè, de vrè kwayan ki vrèman bati espirityèlman, li li Bib li chak jou, pou pale ak Seyè a. Se vre. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] Li oblije. “Lòm pap viv ak pen sèlman, men ak chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.”

<sup>98</sup> Kounye a, yon lòt rezon kifè nou manje, se pou bati kò nou pou reziste a maladi. Si w pa manje, pou kite kò w vin fèb, alò li pi fasil pou l sikonbe a maladi. Maladi ap rantre drèt nan sikilasyon san an, e la w ale. Si san w pa rich epi pi, ebyen, alò l ap, maladi ap antre drèt nan sikilasyon san w. Kifè ou dwe manje bon nouriti rich pou kenbe sikilasyon san w kòrèk. Si w pa fè sa, w ap gen alèji pou vin malad. Se pwoblèm lan avèk anpil Kretyen.

<sup>99</sup> Tankou plant ki nan yonabri chofe. Ou konnen, si w pran yon plant ki soti nanabri chofe, ou oblije dòlote l. Li pa konn afè tanperati. Li pa konn bèl solèy ak bagay konsa, yo te kenbe l kouvri epi dòlote. E se sa ki pwoblèm lan avèk twòp swadizan Kretyen, yo se plant ki gade nan kay chofe. Se vre, nenpòt ensèk ka atake yo! Ou konnen, se sèlman yon—yon . . . Se sèlman yon—yon plant delika ke yo te flite, oswa, se plant ibrid.



100 Ou konnen, pran yon bèf Ras pi epi kite l deyò la nan savann lan, kite yon vrè de vrè deyò a la yon Longhorn deyò la, vrè bèf sa ka degaje l poukont li paske li se yon orijinal. Men pran yon Brangus oswa yon Ras pi ke yo te kwaze pou vin yon ibrid, li gen pi bèl aparans, sèten, pi gra e pi anfòm, men kite yo soti deyò la, yo pa ka degaje yo poukont yo. Y ap mouri! Ou oblije dòlote yo. Ou wè?

101 E se sa ki pwoblèm lan jodi a, nou gen Kretyen ki byen abiye, pi gwo legliz, ak pakèt—pakèt edikasyon, pakèt teyoloji, men ou oblije dòlote yo tout tan, ou oblije wè bagay la menm jan avèk yo osinon ou pa wè anyen. Sa nou bezwen se kèk Kretyen ras pi, ki ne anba San Seyè Jezi a, ki ap viv non pa apa avèk teyoloji legliz, men apa avèk Pawòl Bondye a, an kominyon avèk Kris. Pawòl la antre nan kwayan an, kò esprityèl li—li byen bati. Pa yon ti bebe ki te gade nan yon kay cho!

102 Gen yon sèten minis ki te di jodi a, m te tande l, li te di nan radyo, li te di, ke lè l te antre nan peyi a, li te gen yon gwo pwoblèm sinizit, e yo t ap pale de operasyon. E yo te di ke yo ta pral fè *sesi sela*, pou met kouto sou li pou opere l, epi retire pati glann sinizit la, sa ki ta pral fè figi l plonje, ak bagay konsa. Li te di ke l te pran grenn an grann kantite. Sanble l te gen sitèlman grenn pou l te pran. Men lè l te rankontre yon bon doktè Kretyen, doktè a te di: “Ann bliye zafè grenn sa yo e ann bliye zafè operasyon an, epi annou ranfòse kò a pou l ka reziste a sinizit la.” Sè te fini!

103 Kisa ki fè moun pa viv ase lontan jan yo te konn fè a? Nou oblije pran yon vaksen pou *sesi* e yon vaksen pou *sela*, epi flite sou kò nou tout sòt de medikaman. Kisa sa fè? Sa ramoli nou, nou vin gro, anfle, pa itil. Alòske moun lontan . . . Enben, nou fè alèji ak tout bagay. Kounye a yo gen anti alèji ak tout lòt bagay.

104 M te kanpe an Afrik, si m pa t ka pran yon vaksen kont malarya. Men yon moustik malarya ki t ap poze sou men m, m t ap pran malarya. Yo pa fè bwi, e nou remake yo apèn. Yo klere, yo jis klere, se tou, e ou pran. si w ret an vi, w ap genyen l pandan kenzan. E pafwa ou mouri avè l. Te gen natif natal sa yo nan ti kay tè yo, ak moustik sou tout janm yo, yo toutouni. Moustik kole sou yo, moustik malarya, e sa pa t deranje yo. Poukisa? Yo te vin iminize. Yo te gen yon rezistans ke Bondye bay.

105 E se sa ki pwoblèm lan jodi a ak moun yo. Se sa ki pwoblèm lan ak legliz la. Nou te pran tèlman vaksen pou bebe ak teyoloji ke lòm fè, jouk yo te flite nou toutpatou. Sa nou bezwen se vaksinasyon Bondye pa Pawòl Seyè Bondye a. Lòm va viv chak jou avèk jan de Nouriti sa, pou edifye nanm li nan yon vaksinasyon kont maladi esprityèl k ap koule k ap sote toutpatou nan peyi a. M gen anpil nòt sou sa, men m ap oblije rete.

106 Kounye a, fòtifye w, prepare w pou vaksinasyon an. Bon, n ap viv ak sesi, kò nou—nou oblije gen sesi. E, si nou pa pran yo tout

sòt de maladi ap ka antre. E Pawòl Bondye a, alòske nou kwè L e aksepte L ak kominyon, “Seyè, Pawòl Ou se Verite.”

<sup>107</sup> “Legliz mwen di ou pa oblije ne de nouvo. Yo di: ‘Bay lanmen an se sa ki ne de nouvo a.’ Yo di: ‘Aspèsyon.’ Yo di tout lòt bagay sa yo, ‘Se fini, Pè, Fis e Sentespri.’” Men Bib la di pou batize nan Non Jezikri. Ou wè? Kounye a, kontinye avèk vaksen atifisyèl sa yo si w vle, ou va rann tèt ou yon Kretyen atifisyèl. Ou wè? Ou pa vle sa.

<sup>108</sup> Ou pa gen Lavi, se sèlman atravè Kris. E kounye a kisa Pawòl Li a fè? Li edifye kò esprityèl nou, solid, pandan n ap kominye avèk Li, pou reziste a dyab la.

<sup>109</sup> Ou di: “Frè Branham, se sa ou di, ‘pou ap kominye nan Pawòl Li?’”

<sup>110</sup> Wi, Li se Pawòl la. “Nan kòmansman se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te vin lachè e Li te abite pami nou.” E nou dwe manje kò Li. Alò kò Li se Pawòl Li, paske Li se Pawòl la. E Li di, nan Sen Jan 15: “Si w demere nan Mwen, epi kominyon Mwen, Pawòl Mwen, demere nan ou, alò ou ka mande sa w vle e sa ap akonpli pou ou.” Men ou. Se laverite. Ou wè, mande sa w vle!

<sup>111</sup> Kisa w ap fè? W ap fòtifye kò w pou iminizasyon kont . . . Yon moun ka vini pou di: “O, legliz nou pa kwè nan rele.” Ou wè, ou fòtifye. Kisa? Ou gen kominyon nan ou, Pawòl la. E ou iminize kont sa. Si yon bann tenten vini, kisa l ye? Li pa gen okenn Pawòl ladann, alò ou sèten ke li fo. Mwen pa fè ka jan sa parèt reyèl, si se pa Pawòl la kite l trankil. Drèt la, kite sa trankil. Pe enpòt sa l ap fè, sa dwe konpare ak Pawòl la!

<sup>112</sup> Nan lapriyè, pandan m t ap site Miche ki te kanpe la, ap gade, li t ap gade vrèman toudwat, pandan te gen Izrayèl, ak pòsyon teren sa ki te pou yo. Etranje sa yo te vini e yo te retire l nan men yo pou yo te bati pwòp kay pa yo, e yo te okipe yon pati peyi sa ke Bondye te ba yo a. Kidonk ta sanble tankou katsan pwofèt Ebre sa yo te gen rezon. Men, ou konnen, te gen yon bagay konsènan Jozafa ki te esprityèl, li te di: “Èske nou pa gen yon lòt?”

<sup>113</sup> Li te reponn: “Mwen gen yon lòt, men,” li te ajoute, “Mwen rayi l. Sèl bagay li fè se pwofetize mechanste.”

Li te reponn: “Al chache l epi annou tande l.”

<sup>114</sup> E li te monte, li te di: “Ale, al anwo a la, men m te wè Izrayèl gaye tankou mouton ki pa gen bèje.” E konsa li te rakonte vizyon l lan.

<sup>115</sup> Bon, kilès ki te gen rezon? Ta sanble ke katsan yo te gen rezon. Katsan zòm byen antrene, ki t ap di: “Monte, Seyè a avèk ou.” E menm Sedesyas te fabrike yon—yon—yon—te fè yon . . . Sedekyas te fabrike de gwo kòn an fè. Li te di: “Avèk sa a ou va repouse etranje yo deyò peyi a.” Li te sèten ke l te gen rezon. Li te konnen l te gen rezon. Men, ou wè, li te gen tò.

116 E la, Miche, youn kont katsan, li te di: “Si w monte, Izrayèl ap dispèse, san okenn bèje.”

117 Epi lòt yo te di: “Monte, Seyè a avèk ou!” Kounye a, materyèlman, yo te gen rezon, plas la te pou Izrayèl. Men Pawòl Seyè a te kondane Akab, kifè kijan Bondye ta ka beni sa L te kondane?

118 Men ni jodi a. Ou wè? Pawòl kominyon an te nan Miche. Kounye a, si w ap kominye ak Bondye nan pran vrè kominyon an, epi lespri nan ou a pa dakò ak Pawòl sa a, ou p ap kominye ak Bondye, w ap kominye ak demon. E yo sitèlman imitatè! Bib la di: “Nan dènye jou yo yo ta ka sedui menm Eli a si se te posibil. Men syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Mwen p ap pase.” E si yon . . . Pòl di, Galat 1:8, “Si yon anj ta sot nan syèl la ap preche yon lòt levanjil ke Sa a ke w deja tande a, ke l modi.” Menm yon anj! Nan legliz primitif, kan mesye sa yo, tankou Sen Martin, Irene, mesye sen sa yo, lè dyab la te konn parèt tankou yon anj limyè. Men, obsève, l ap on ti jan a kote Pawòl la.

119 Li te parèt devan Èv antan ke anj limyè, li te di l: “Sèten, Seyè a te di *sesi*, Seyè a te di *sela*,” men li pa t dakò ak Bondye ditou alafen. E se fason sa a fo kominyon an fèt jodi a. Kan moun yo panse y ap priye Bondye, epi yo pap obeyi a Pawòl la, se yon fo kominyon.

120 “Si w demere nan Mwen, e Pawòl Mwen nan ou, alò mande sa w vle,” ou wè, “e sa va fèt.” Bon, sa jis pa ka ale yon fwa, alò akote pwochen fwa a. “Demere nan Mwen, nou kenbe Pawòl Mwen demere nan ou,” sa se, rete la a. *Demere* vle di “rete la, rete drèt la.” Wi, se—se iminizasyon kont maladi peche.

121 Bon, kite m fini pou ap di sèl mo sa kounye a, anvan n al sou tab kominyon an. San ak Kò Seyè a, melanje avèk lafwa, sa a se San ak Kò a, se Lespri ak Pawòl la, melanje avèk lafwa, sa egal Lavi Etènèl. “Sila ki manje Chè M e ki bwè San M gen Lavi Etènèl, e M ap resisite l nan dènye jou a.” Men ou. Kisa sa ye? Kominyon Seyè a. Pawòl la ak Espri a, Vi sa a li nan San an, Pawòl la ak Espri a egal Lavi Etènèl, ak lafwa nan Seyè a.

122 Men priyè pa m, pandan ke mwen wè lafen ap apwoche pou wè, a nenpòt ki moman, yon bagay ka rive, epi konsyan ke nou pa trè lwen Vini Seyè a:

Seyè, alò lan Non Seyè Jezi, Pitit Bondye a, kite m pran Pawòl la, Epe a, pou ap ajite L avèk kèlkeswa fwa mwen genyen an, pou fè wout atravè chak pwisans demon, jiskaske m wè Jezi, pa kominyon ak Pawòl Li.

123 Kominye ak Pawòl Li. “Si nou demere nan Mwen, e Pawòl Mwen demere nan ou, alò mande M sa nou vle e sa va fèt pou ou.” Ala bèl! Gen veritab kominyon ak Pawòl e Espri a, avèk lafwa pou ap ajite Sa ansanm, “Mande sa w vle, e sa va fèt pou ou.” Annou priye.

<sup>124</sup> Bondye Papa Sen ki Nòb e ki fè Gras, gran MWEN YE a, El Shaddai la, pou Abraham. O Bondye, ala gran kominyon sa avèk Seyè a egal Lavi Etènèl, epi ala Sa iminize kont lògèy, ala Sa iminize kont enkredilite, ala Sa iminize kont peche mond lan! Se kominyon an, avèk lanmou Diven pou Pè Selès nou an. E pa jistis Jezikri nou gen aksè a tab sa a. E nou priye, Seyè, ke W ap ba nou chak aksè aswè a, a Espri a. Padonnen nou. E nou vle ke kò espiritiyèl nou grandi. Nou pa enterese nan vin fè pati yon legliz oswa yon denominasyon. Nou vle edifye kò espiritiyèl la, pou iminizasyon kont peche, nan yon pwen kote pa gen okenn dezi pou fè mal, e kote Sentespri a ka pran Pwòp Pawòl Li ak bouch nou, pou pwononse L jis tou fre menm jan Sa te pwononse jou sa, paske Se menm Espri ki te nan Seyè Jezi a. Mwen priye, Papa, ke W va bannou sa.

<sup>125</sup> Lè a ap fini. Jouk kilè, nou pa konnen, jis kilè dènye a pral sove. Men mwen priye aswè a, Seyè, si genyen isit a ki pa konnen W kòm Sovè yo, ke yo jwenn Ou aswè a pandan ke y ap vin nan dlo batèm sa, antan ke souvni, pou konfese a ansanm kwayan yo ke yo kwè istwa Jezi Nazarèt, ki te ne de vyèj Mari, ke yo te touye, ke Pons Pilat te krisifye, ke Bondye te resisite twazyèm jou a, e Li chita adwat Majeste Li, aswè a, ap viv pou tout tan pou fè entèsesyon.

<sup>126</sup> Akòde, Seyè, ke menm moun sa, k ap obeyi kòmandman Bib la, “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou remisyon peche nou. Paske pa gen lòt non anba Syèl la ki te bay pami lèzòm pou w te ka sove.” O Bondye, ke moun yo wè senserite a, ak Pawòl fèm sa, “Pa gen yon lòt non anba Syèl la ki te ka bay pami lèzòm pou w te ka sove, ke lan Non Jezikri.” Kidonk, apot la di: “Repanti, nou chak epi batize lan Non Jezikri pou remisyon peche, e ou va resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se pou chak aj, an otan ke Seyè Bondye nou an ap rele.” Akòde, Seyè, ke ap gen plis ke yo rele aswè a.

<sup>127</sup> Sa te di tou, pa Seyè nou an: “Pèsonn pa ka vin a Mwenmenm si Papa M pa atire l, e tout sa Papa te ban Mwen ap vin jwenn Mwen. Brebi M koute Vwa Mwen.” Yon etranje, si yon etranje pale, yon vwa ki pa selon ekriti a, rapidman brebi a ap rekonèt sa. O Bondye! Si se Vwa W, Bib la, kisa Sa di, chak brebi ap koute L, paske Se Nouriti brebi. Yo te kominye. Yo konnen kijan de Nouriti Papa a bay. “Lòm pap viv ak pen sèlman, men ak chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Akòde, Seyè, ke anpil va wè e va konprann, e va vin jwenn Ou aswè a.

<sup>128</sup> Sa yo ki pa gen Sentespri a, ke yo pa remèt sa pou yon lòt lè. Yon lòt lè ka two ta. Yo ka petèt pa isit la.

<sup>129</sup> E, Papa, alòske n ap rasanble toutotou tab la kounye a pou pran reprezantasyon kò brize W sa a, nou priye ke si gen peche nan mitan nou, Seyè, padonnen nou. Ou di: “Kan nou vin ansanm, ret tann youn lòt.” Bondye, si gen yon peche nan

kongregasyon sa a, nenpòt ki kote a, M priye ke San Jezikri separe nonm sa avèk peche li, oswa fanm sa, gason oswa fi sa. E, Papa, m priye pou tèt pa m, ke W va separe m de chak dout, chak peche, chak enkredilite, tout sa ki . . . Nou konnen ke enkredilite se peche. Se sèl peche ki egziste. “Sila ki pa kwè deja kondane.” E sèl peche ki egziste, se pa kwè Pawòl Bondye a. E, Papa, si gen nenpòt enkredilite nan mwen, padonnen m, O Bondye, e gen anpil, e m priye ke W padonnen m. Padonnen kongregasyon ke W ban mwen aswè a, epi nourri yo ak Pawòl la. Akòde l.

<sup>130</sup> E pandan n ap pran ti souvni kò brize pa L Ki resisite nan lanmò e vivan pou toujou pami nou an, ke nou ka resevwa kominyon ki vin de Li, Seyè, kominyon Sentespri a. Akòde l, Papa. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

<sup>131</sup> Bon, pou noumenm ki oblije pati e ki pa ka rete pou apeprè kenz minit sèvis kominyon an . . . Nou pa anpil, e n ap pran kominyon an. Se pa yon kominyon fèmèn. Se absoliman pou tout kwayan Kretyen. Bondye pa trase liy ant Batis ak Metodis, e latriye. Nou tout, pa yon sèl Espri, nou te batize nan yon sèl Kò, e nou se sitwayen Wayòm Bondye a. E si ta gen yon moun pami nou ki etranje, m pa isi a souvan, m pa konn kimoun ki manm e kimoun ki pa manm. Sonje, pr enpòt legliz ou fè pati, sa pa gen anyen pou wè avèk sa. Gen sèlman yon sèl Legliz, de tout fason, e ou pa rantre Ladann, ou ne Ladann. Se vre. E ou ne nan Legliz Bondye sa. E nou priye ke w ap resevwa Kris aswè a, kominye avè L pandan n ap raple nou kò brize Li a, ak ti eleman peryòd pak, sa yo ke n ap pran, ke Bondye wouze kè nou ak konsyans nou avèk San an.

<sup>132</sup> Kounye a yo pral vin ak kominyon an, e n ap li kounye a apati de 1 Korentyen, chapit 12. E nou pral pran kominyon an imedyatman apre sa a, e nou gen konfyans ke Bondye ap beni w anpil anpil. Alò osito fin li sa a, oswa jis anvan nou li l, si w dwe pati, ebyen, ou ka soti trankilman. E apres a ou va avèk nou ankò Mèkredi swa, ak dimanch maten e dimanch swa. Si w pa ka rete pou pran kominyon an avèk nou, nou t ap tèlman kontan pou w pran l. Answit imedyatman apres a, se va Seyè a . . . se va sèvis batèm lan, sa ki ap fèt nan apeprè kenz minit, oswa ven minit pou pi plis, m sipoze. 1 Korentyen, chapit 11, vèsè 23.

*. . . men sa Seyè a te fè m konnen, se sa menm mwen te moutre nou tou, Jou lannwit yo te trayi l la . . . Seyè Jezi te pran pen:*

*lè li fin di Bondye mès li kase l, . . . epi li di, Pran, epi manje: Sa a se kò m, se pou nou li ye: Se pou nou fè sa pou nou ka chonje mwen.*

*Konsa tou, apre yo fin manje, epi li pran gode diven an, li di yo, Gode sa a se nouvo kontra Bondye fè avè nou nan san mwen: Se pou nou fè sa chak fwa n ap bwè ladan l pou nou ka chonje mwen.*

*Se konsa, chak fwa n ap manje pen sa a, chak fwa n ap bwè nan gode sa a, se lanmò Kris la n ap anonse jouk jou Seyè a gen pou l vini an.*

*Se poutèt sa, si yon moun manje pen Seyè a . . . osinon li bwè nan gode Seyè a yon jan ki pa konvenab, moun sa a koupab, paske li peche ni kont kò Seyè a ni kont san li an.*

*Se pou chak moun egzaminen tèt yo byen anvan, Se konsa y a mèt manje pen sa a, y a mèt bwè nan gode sa a.*

*Si yon moun manje pen sa a, si l bwè nan gode sa a san li pa rekonèt rapò pen an ansanm ak diven an gen avèk kò Seyè a, se rale l ap rale yon jijman sou tèt li lè l ap manje pen an ak lè l ap bwè nan gode a.*

*Se sak fè gen anpil moun malad konsa nan mitan nou, anpil moun k ap soufri feblès, . . . san konte sa ki mouri deja.*

*Si nou te egzaminen tèt nou byen anvan, nou pa ta tonbe anba jijman Bondye a.*

*Men, Seyè a jije nou, li peni nou konsa pou li sa pa kondannen nou ansanm ak moun ki nan lemond yo.*

*Se sak fè, frè m yo, lè nou reyini ansanm pou manje manje Seyè a, se pou yonn tann lòt.*

<sup>133</sup> Bon, jis yon moman priye an silans nou tout, priye pou mwen pandan m ap priye pou ou. [Frè Branham ap priye tou dousman—Editè a.] . . . ? . . .

Akòde rekèt sa yo, Bondye Toupwisan. Padonnen nou transgresyon nou yo menm jan nou padonnen sa yo ki transgrese kont nou. Nou mande sa lan Non Jezikri. Amèn.

<sup>134</sup> Ti eleman sa yo se pen kachè ki fèt san mantèg, san epis, e latriye, ki reprezante kò Seyè a. Li pa tou won, li brize an ti moso. Se paske sa vle di kò brize Li ki te brize pou nou. E ke Bondye akòde benediksyon L a chak moun k ap manje l. Bon, se pa kò a, sa sèlman reprezante kò a. Mwen pa gen okenn pouwva, ni okenn lòt, pou rann li ankenn bagay ke pen. Bondye sèlman. E se sa Li di nou, pou manje pen sa epi bwè koup diven sa. Kounye a annou koube tèt nou.

<sup>135</sup> Bondye Ki pi Sen an, ke nou se sèvitè a, lan Non Jezikri, sanktifye pen sa a pou itilizasyon nou gen entansyon fè avè l la, pou fè nou, alòske n ap resevwa l, sonje ke Seyè nou an te krisifye; ke kò Li, presye e sen jan l te ye a, te make ak kout fwèt ak pikan ak klou, pou nou, pou nou te ka atravè kò filange L la gen aksè a Espri a ki bannou Lavi Etènèl. Seyè, ke nou, pandan n ap manje sa, jwenn gras nan vwayaj la, tankou Izrayèl te jwenn pandan karantan nan dezè a, e pa t gen yon sèl ki te fèb pami yo. Bondye

Papa, akòde sa, alòske n ap priye W pou sanktifye pen sa, pen kachè sa, pou entansyon itilizasyon l. Lan Non Jezi. Amèn.

<sup>136</sup> Koup Nouvèl Alyans sa, San an. M panse a kantik sa:

Depi lè pa lafwa m te wè kouran sa  
Ke blesi w yo k ap degoute te alimante,  
Lanmou ki te rachte m te vin tèm chante m,  
E l ap sa jouk mwen mouri.

<sup>137</sup> Kan w wè san sa, rezen, san rezen an, Mwen konnen sa reprezante San an ki te soti nan kò Seyè Jezi an. Ke a jamè sa yo k ap resevwa sa gen Lavi Etènèl, ke maladi pati kite kò yo, ke enkyetid ak feblès, presyon, ke dyab la (sou tout fòm) kite yo, pou yo ka gen gwo fòs ak sante ak Lavi Etènèl, pou pèmèt limyè yo ap briye devan jenerasyon mechan e adiltè sa a n ap viv ladann lan, pou glorifye Bondye.

<sup>138</sup> Papa nou ki nan Syèl la, nou prezante W fwi viy sa. Lan Non Jezikri, sanktifye l, pou l reprezante San Pitit Ou a, Jezi, Kote nou jwenn, “Li te blese pou transgresyon nou, ak blesi L yo nou te geri.” Akòde, Seyè, ke Lavi va vin jwenn nou, Lavi Etènèl nan grann abondans, pou nou ka sèvi W pi byen, gen fòs ak sante pou mennen nou de plas an plas kote nou espere sèvi W, pe enpòt kote W va rele nou. Akòde benediksyon sa yo, nan Non Jezi, nou priye. Amèn. 🕊

62-0204 Kominyon  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Ind yana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papeyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)